

**PANALUNGTIKAN NGEUNAAN PENERAPAN MODEL PANGAJARAN
FLIPPED CLASSROOM PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUHAN
NULIS TÉKS PERSUASIF DUMASAR KANA STRUKTUR JEUNG
KAIDAH BASA DINA KALANGAN MURID KELAS VIII SMPN 35
BANDUNG**

Ku:

**Gina Selpi
195030098**

RINGKESAN

Ieu panalungtikan dilatarbelakangi ku kamampuhan nulis murid anu kurang diasah sarta kurangna pangalaman murid dina nulis téks persuasif. Tujuan panalungtikan ieu nyaéta pikeun nguji efektivitas modél pangajaran *Flipped Classroom* dina ningkatkeun kamampuan nulis téks persuasif dumasar kana struktur jeung kaidah basa di kalangan murid kelas VIII SMPN 35 Bandung. Panalungtikan ieu nganggo métode kuantitatif kalayan dua métode panalungtikan nyaéta métode eksperimen jeung non-eksperimen. Desain panalungtikan anu dipake nyaéta pre-experimental design, hususna prétest-posttest control group design. Subjek panalungtikan ieu nyaéta murid kelas VIII A salaku kelas eksperimen sarta VIII E salaku kelas kontrol di SMPN 35 Bandung, masing-masing diwangun ku 24 urang. Instrumén panalungtikan ngagunakeun lembar observasi jeung tés. Téknik analisis data anu dipaké nyaéta: (1) uji prasarat kalebet uji normalitas jeung uji homogenitas, sarta (2) uji hipotesis ngagunakeun aplikasi IBM SPSS 25 kalebet uji Wilcoxon signed rank jeung uji Mann Whitney. Hasil panalungtikan némbongkeun yén nilai rata-rata posttest kelas eksperimen leuwih luhur dibandingkeun kelas kontrol, nyaéta 88,54 pikeun kelas eksperimen jeung 83,04 pikeun kelas kontrol. Hasil uji Mann Whitney nunjukkeun yén kelas eksperimen miboga *mean* rank 34,73 jeung sum of rank 833,50, sedengkeun kelas kontrol miboga *mean* rank 14,27 jeung sum of rank 342,50. Nilai signifikansi uji Mann Whitney nyaéta $0,000 < 0,05$. Dumasar kana data éta, hipotesis panalungtikan ditarima, anu hartosna média pangajaran anu dibantuan ku aplikasi *Flipped Classroom* efektif pikeun ningkatkeun kamampuan nulis téks persuasif dina murid kelas VIII SMPN 35 Bandung.

Kata Kunci: Model pangajaran *Flipped Classroom*, Téks Persuasif, Kelas VIII